

State Board of Education

T. Willard Fair, *Chairman*Dr. Eric J. Smith
Commissioner of Education*Members*Peter Boulware
Dr. Akshav Desai
Roberto Martinez
John R. Padgett
Kathleen Shanahan
Linda K. Taylor

Pou Manman/Papa/Responsab legal:

Lèt-sa-a se pou enfòmè-ou yo idantifye Ajans Edikasyon Lokal Brawd Kaounti (*Broward County Local Educational Agency – LEA*) kòm yon ajans ki bezwen amelyorasyon dapre lwa federal *No Child Left Behind – NCLB*. Sa vle di ajans *LEA* pa satisfè yon kritè oswa plis Leta mande pou reyisit elèv nan etid-yo oswa reyalize Pwogrè Anyèl Satisfèzan (*Adequate Yearly Progress – AYP*) nan lekti, ekriti, matematik, ak/oswa pa gen yon bon pousantaj elèv ki diplome pandan **kat ane swivi oswa plis**. *AYP* evalye pèfòmans tout elèv epitou evalye pèfòmans gwoup elèv espesifik baze sou ras/gwoup etnik, manje midi gratis oswa pi bon mache, andikap epi konpetans nan lang angle.

Pou reyalize *AYP*, yon pousantaj fiks elèv nan chak gwoup dwe gen nòt pou klas yap fè-a, oswa montre nivo konpetans nan seksyon lekti, ekriti, ak matematik tès *Florida Comprehensive Assessment Test (FCAT)*. Si yon gwoup elèv pa bon, se distrik-la nètale ki pa satisfè ekzijans *AYP*. Sa pa vle di *LEA* echwe pouotan; sa vle di sèten domenn bezwen amelyorasyon.

Tablo anba-a montre pousantaj elèv ki konpetan nan distrik lekòl-ou konpare ak lòt elèv ki nan Leta-a.

Pousantaj elèv ki gen nòt ki montre nivo konpetans an 2008 - 09

SIJÈ	BI	LEA	LETA
Lekti	65%	63%	60%
Matematik	68%	72%	66%
Ekriti	Ogmante 1% oswa 90% oswa pi wo	Bi satisfè	Bi satisfè
Pousantaj elèv diplome	Ogmante 1% oswa 90% oswa pi wo	Bi satisfè	Bi satisfè

Pou plis enfòmasyon sou *AYP*, tanpri vizite sit Entènèt:
<http://schoolgrades.fldoe.org/default.asp>

Broward County Local Educational Agency va devlope yon Plan Amelyorasyon Distri (*District Improvement Plan*) pou adrese reyisit elèv-li-yo ak yon plan ki adrese domenn

LEA pa reyalize pou AYP. Ou kapab jwenn aksè nan plan LEA-a nan sit Entènèt Depatman Edikasyon Florid (*Florida Department of Education*): http://www.flbsi.org/O910_sip_template/login.aspx. Depatman-an va bay ajans *Local Educational Agency* sipò nan domenn li pa reyisi pou reyalize AYP.

Diplis, LEA dwe transfere yon pati nan lajan *Title I, Part A*, rezève pou frè administrasyon, pou sipòte aktivite ki amelyore reyisit elèv.

Ou jwe yon wòl enpòtan nan edikasyon pitit-ou. Nap ankouraje ou patisipe nan aktivite lekòl pitit-ou tankou:

- ale nan konferans pou fanmi avèk pwofesè pitit-ou
- patisipe nan divès aktivite lekòl-la òganize
- vin yon manm komite konsiltatif lekòl-la (*School Advisory Council*)
- fè sèvis volontè nan lekòl pitit-ou

Si ou gen keksyon konsènan pwogrè akademik pitit-ou, ajans LEA-a, oswa sou jan ou kapab patisipe piplis, nou ankouraje-ou pran kontak avèk direktè lekòl pitit-ou.

Avèk respè,

Dr. Eric J. Smith

EJS/mkm